# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

उत्तर प्रदेश पुलिस भरती अउर प्रोन्नति बोर्ड आरक्षी नागरिक पुलिस सीधी भरती परीक्षा–दुइ हजार तेइस क रेजल्ट जारी कइ दिहले हवे। नम्बर के मेरिट के आधार पर निरधारित पदन के तुलना में करीब अढ़ाई गुना बेसी यानी कुलि एक लाख चउहत्तर हजार तीनि सौ सोरह अभ्यर्थियन के अगिला फेरा बदे योग्य घोसित कइल गइल हौ। ई चयनित अभ्यर्थी अब अगिला फेरा में अभिलेख क जांचि अउर सारीरिक मानक परीक्षण खातिर बोलावल जाई। ई प्रक्रिया दिसम्बर महिन्ना के तिसरा हप्ता में होई।

अभ्यर्थी यूपीपीबी डॉट जीओवी डॉट इन पर आपन रेजल्ट देखि सके लें। ई परीक्षा अगस्त महिन्ना क तेइस, चउबीस, पचीस, तीस अउर एकतीस तारीख के करावल गइल रहे। भरती बोर्ड जनकारी दिहले हवे कि जो त अभिलेखन क जाचि अउर सारीरिक परीक्षण में हर श्रेणी में अपेक्षित संख्या में अभ्यर्थी पास नाहीं होइहें त मेरिट के आधार पर अउरियो अभ्यथियन के अभिलेखन क जांचि अउर सारीरिक परीक्षा खातिर बोलावल जाई। जवने अभ्यर्थियन क अभिलेश अउर प्रपत्र सही पावल जइहें त उनके सारीरिकि मानक क परीक्षण जनौरी दुइ हजार पचीस के तिसरा हप्ता में करावल जाई। पुलिस भरती बोर्ड ईहो फरियवले हवे कि अभ्यर्थियन के नम्बर क विवरण पुरहर भरती प्रक्रिया के खतम भइले के बाद प्रकासित कइल जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बलरामपुर दौरा के दुसरका दिन्ने आजु देवीपाटन के मां पाटेश्वरी शक्तिपीठ मंदिर में पूजा–अर्चना कइलें। उहां के मंदिर के गउसाला क निरीक्षण कइ के गो सेवो कइलीं। एहसे पहिले काल्हि संझा मुख्यमंत्री मंदिर के विकास कार्यन क समीक्षा करत अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि सरधालुअन के सुविधा बदे सज्जो जरूरी इंतिजाम सुनिस्चित कइल जाव।

**********

ड्यूटी के दौरान बलिदान होखे वाला पुलिसकरमी के माता–पिता के अब अनुग्रह रासि क पूरा पचास लाख रूपिया क भुगतान होई। महिला पुलिसकरमी के बलिदान भइले के दसा में उनके पति चाहे कानून वारिसो के अनुग्रह रासि मिल सकी। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस पर अनुग्रह रासि के सासनादेस के कमी के दूर कइ के अब ई नया बदलाव कइल गइल हौ। मुख्यमंत्री पछिला महिन्ना पुलिस स्मृति दिवस के मौका पर अनुग्रह रासि दीहल गइले क आदेस के कमियन के दूर कइले क घोसणा कइले रहलें। येही क्रम में नया सासनादेस अब जारी कइ दीहल गइल हौ।

**********

बरिस दुइ हजार दुइ में गुजरात के गोधरा में भइल घटना पर बनल बहुचरचित फिलिम द साबरमती रिपोर्ट के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पूरा प्रदेस में टैक्स फ्री कइ दिहले हवें। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में ई फिलिम देखलें, जेकरे बाद उहां के ई घोसणा कइलीं। उहां के फिलिम के पूरा टीमि के बधाई देत कहलीं कि सच्चाई के देस क लोगिन के सामने ले अइले क ई कोसिस सराहनीय हौ।

**********

महाकुंभ–दुइ हजार पचीस के ले के तइयारी जोरिया गइल हौ। संगम के किनारे महाकुंभ नगरी अब आकार लीहल सुरू कइ दिहले हवे। प्रयागराज मेला प्राधिकरण योजना के मोताबिक पूरा मेला क्षेत्र के पचीस सेक्टर में बांटि के मजिस्ट्रेटन क तैनाती कइ दिहले हवे। सज्जो सेक्टर मजिस्ट्रेट अपने सेक्टर में जमीनि अधिग्रहण से ले के प्रसासनिक व्यवस्था बदे जिम्मेदार होइहें। ई मजिस्ट्रेट महाकुंभ के दौरान लोगिन अउर प्रसासन के बिच्चे कड़ी कड़ी क कार करिहें। महाकुंभ दुइ हजार पचीस में करीब पैंतालीस करोड़ सरधालुअन के अइले अउर करीब एक लाख से बेसी लोगिन के कल्पवास कइले क ओम्मेद हौ। येह सब के रहे बदे टेंट सिटी अउर स्नान खातिर घाट अउर राहि बनवले क कार तेजी से चलि रहल हौ।

**********

प्रदेस में महिला लोगिन के ससक्त अउर आत्मनिरभर बनावे बदे हब फॉर इम्पावरमेंट ऑफ वूमेन अउर प्रधानमंत्री मातृ वन्दना योजना के गति दीहल जा रहल हौ। येह योजनन के जरिया से महिला लोगिन क स्वास्थ्य, पोसण अउर आरथिक ससक्तीकरण के प्राथमिकता दीहल जा रहल हौ। येही क्रम में प्रदेस सरकार योजना के परभावी रूप से लागू करे बदे प्रदेस भर में जिला स्तर पर सात–सात करमचारियन क भरती प्रक्रिया सुरू कइले क फैसिला कइले हवे। आउट सोर्सिंग के जरिया से होखे वाला येह भरती प्रक्रिया के अगिला एक महिन्ना में पूरा कइले क लक्ष्य तय कइल गइल हौ।

**********

यमुना एक्सप्रेस–वे पर काल्हि देर राति दिल्ली से मऊ आ रहलि एगो डबल डेकर बस के अलीगढ़ के लग्गे ट्रक से लड़ि गइले से पांच लोगिन क मउति हो गइल जबकि पनरह जने घाही हो गइलें। मरे वालन में एगो पांच महिन्ना क लइका अउर एगो महिला के सथहीं तीनि गो पुरूस सामिल हवें। घटना क सूचना पा के मौका पर पहुंचलि पुलिस घाही लोगिन के इलाज खातिर अस्पताले में भरती करवले हवे।

ओहर, बिजनौर के नहटोर–हल्दौर राहि पर काल्हि राति सड़कि के किनारे खड़ा ट्रैक्टर ट्रॉली से मोटरसाइकिल के लड़ि कइले से तीनि गो नौजवान क ओहिजुकवें मउति हो गइल।

**********